

# Pawòl Koyeditè yo

## Modènize agrikilti peyi a pou nou diminye ensekirite alimantè a

Bénédictique Paul epi Joseph N. Pierre

**K**apasite Ayiti genyen pou li bay tout moun nan peyi a manje vin piti anpil, paske mwayen pou pwodui richès materyèl<sup>1</sup> nan peyi a piti. Anplis, ekonomi nasyonal la, ki chita prensipalman sou bay sèvis, pa nan avantaj lagrikilti [1]. Sepandan, popilasyon an kontinye ap ogmante pi plis pase mwayen peyi a genyen pou li kreye richès. Sa lakòz yon bon pati nan popilasyon an ap viv nan yon ensekirite alimantè.

Pwoblèm manje a vin pi rèd toujou akòz pwoblèm klimatik yo (sechrès nan ane 2014,2015, epi 2016 yo), pwoblèm idwometeyolojik ( siklòn yo, gwo van tankou, pa gen lontan, siklòn *Matthew*, ki demantibile 22% pwodui enteryè brit la). Pou peyi a jwenn sa li bezwen pou li fonksyone , li oblije konte sou peyi etranje, menmsi yo kontinye ap kraze pi plis endikatè makwo ekonomik yo san gade dèyè. Kòm moun ki ap viv nan peyi a, epi peyi a limenm pa kab peye dèt li, sa lakòz moun lage kò yo nan achte epi itilize pwodui move kalite ki soti lòt peyi. Depi apeprè dizan, peyi a vini yon zòn kote se pwodui peyi oksidantal yo pa bezwen, ki an sikilasyon. Gen anpil moso zèl ak pye poul, ke kochon epi pye kochon ak divès lòt pati bèt (kè, fwadi, fwamou), ki prèske rive nan dat ekspirasyon yo, komèsan yo fè rantre nan peyi a pou yo vann toupatou sou teritwa a. Genyen analis ki di Ayiti se yon depotwa pou kèk peyi ki ap founi nou pwodui.

Dènye nimewo Coopération nationale pour la sécurité alimentaire (CNSA) pa yon sipriz pou okenn moun, si gen yon sipriz, se lè dokiman an di, kantite moun nan peyi a vin pi plis chak jou epi yo ap viv nan yon sityasyon ensekirite alimantè grav [2]. Daprè tout sa dokiman an di sou ensekirite alimantè grav pou peryòd tan soti fevriye rive mwa me 2017, se tout peyi a ki anba kriz alimantè grav sa a ; daprè sa yo prevwa nan yon tan byen kout (soti jen rive septanm 2017) se tout peyi a ki pral rantre nan kriz alimantè grav la, se sèl nan depatman lwès la kriz la ap pi fèb. Poutan, depi nan ane 2010, Ministè agrikilti, Resous natirèl ak devlopman rural (MARNDP) ap fè tout sa yo kapab pou yo mete sou pye yon politik devlopman agrikòl [3], men, jouk jounen jodi a, yo poko rive retabli sistèm agrikòl la

ki ap delala. Èske ekip moun prezidans la pral mete sou lawout apati premye me 2017 la (jou fèt travay la) pral rive chanje sityasyon alimantè peyi a pozitivman? Tout moun konnen se lagrikilti ki motè sekirite alimantè a.

Bay pèp ayisyen an manje se responsablite nasyonal epi li nan yon nivo ki wo anpil. Se tout moun ki pou mete men ladan. Nan chèche konnen ki jan chak fanmi viv ak ensekirite alimantè a, genyen plizyè otè ki mete men nan kaye tematik sa a *Haïti Perspectives* sa a, yon fason pou yo rive jwenn kèk rekòmandasyon pratik, ansanm ak kalite aksyon ki dwe fèt nan ka sa a.

Agwoekonomis, kou **Alix Dameus** ak **Jean-Ribert François**, analize anpil nan eleman ki kab satisfè moun ki ap travay latè nan komin Janrabèl (nan depatman Nòdwès Ayiti). Otè yo sèvi ak yon echantyon 5 942 moun nan nivo lafanmi, pou montre, omwen pandan tan ankèt la dire a, pwodiksyon agrikòl la mwens pase mwatye sa moun ki ap viv andeyò yo bezwen pou yo viv. Pi fò pwodui moun yo itilize fèt nan peyi a epi lajan yo sèvi pou yo achte pwodui sa yo pa soti nan lavant pwodui agrikòl. Konsa, enstabilite ki genyen kote lajan sa yo soti a, lajan ki rantre apati transfè lajan, pwouve ensekirite alimantè ki ap frape eksplwatasyon agrikòl sa yo.

Espesyalis nan domèn vilgarizasyon yo **Jevensky J. Maxime** epi **Bénédictique Paul** etidye, apati ankèt miltinivo epi miltikatè, dinamik vilgarizasyon agrikòl nan Plato Santral. Apati mezi estatistik epi ekonomik sou konsekans vilgarizasyon sou sityasyon sosyo ekonomik agrikiltè yo, otè yo montre moun ki nan sektè prive yo plis travay pou fè vilgarizasyon agrikòl pase moun ki nan sektè piblik la. Daprè otè yo toujou, menm si fonksyonalite sistèm yo obsève yo toujou fèb, konsekans yo kab genyen sou lajan ki soti nan sektè agrikòl la vin lakòz yo enpòtan anpil kòm zouti pou konbat ensekirite alimantè. Anfèt, kiltivatè ki benefisye avantaj ki genyen nan sèvis vilgarizasyon an genyen pi bon rannman agrikòl, epitou yo fè plis lajan pase sila yo ki pa genyen sèvis vilgarizasyon an.

Sepandan, genyen kontaminasyon ki kab deranje tout efò ki ap fèt pou amilyore pwodiksyon agrikòl yo. Se nan sans sa a, **Bénédictique Paul**, **Lemâne Delva** ak **Yvens Philizaire** ap poze tèt yo kesyon sou danje aflatoksin kapab kreye pou sekirite

1. Nou vle pale sou povrete materyèl nan sans manke lajan (mwayen natirèl, teknik). An fèt Ayiti rich sou lòt fòm resous (resous moun, kiltirèl, sosyal epi menm sou plan enstitisyon) Men, mobilizasyon tout resous sa yo pou devlopman ak tout fòm kapital rete bloke.

alimantè a, si jamè li ta rive kontamine pistach, yon pwodui moun Ayiti manje anpil. Kòm sekirite alimantè a se yon asosyasyon ant kantite ak kalite, epitou, anpil fwa, yo toujou neglije Ayiti, otè yo al fè rechèch pratik anndan peyi a menm, epi yo sèvi avèk analiz ki soti nan laboratwa pou yo montre divès kalite moun ki nan sektè pistach la. Kidkonk, genyen moun ki ap pwodui pistach yo, moun ki ap vann pistach, moun ki ap fè lòt pwodui abaz pistach, moun ki ap manje pistach yo, pa genyen yonn nan divès kategori moun sa yo, ki konsyan kalite danje, sou plan lasante, ki pandye sou tèt yo akoz pistach la. Poutan, analiz sou plan kalite demontre genyen kontaminasyon ki mande pou moun sa yo suiv regleman estrik, paske pistach ki kontamine avèk aflatoxin ka lakòz reta nan devlopman timoun piti, epi kansè nan fwa pou moun ki ap manje pistach oubyen pwodui ki fèt ak pistach. Kalite konsekans pistach kontamine avèk aflatoxin lan kab genyen sou sante moun ki ap manje li yo kapab kraze ekonomi ki ap devlope alantou sektè sa a, epi agrave ensikirite alimantè nasyonal la.

Sou bò pa yo, ekonomis kou **Jean-Baptiste Antenor, Etienne Billette de Villemeur** et **Justin Leroux** demontre pou nou fini ak ensikirite alimantè a - se sa ki alabaz estrateji yo - se senp : fòk moun yo wouze tèt yo. Modèl, ki baze sou matematik, otè yo devlope a pèmèt yo parèt ak konklizyon sa a : Wouze a se mwayen pou moun pwoteje tèt a lè pa gen lapli, kidonk, se yon fason pou amilyore rannman tèt ki sèvi pou aktivite agrikilti yo.

Li rete klè, lè gen inondasyon, epi destriksyon rekòt yo, moun yo kab fè anpil pèt. Nou dwe di tou, enstalasyon yon sistèm awozay ki chè pa toujou rantab. Men, wouze - menm alamenyon moso tèt pou agrikilti, menm si li tou piti, se toujou yon pwoteksyon kont posiblite sechrès, epitou sa pèmèt, yon ogmantasyon rannman moun yo ap tann lan pandan sa ap diminye varyabilite nan lajan ki ap rantre yo.

Agwonòm **Joseph N. Pierre**, ki konnen agrikilti se yonn nan poto kwen ki endispansab nan devlopman sosyo ekonomik peyi a, fè tout efò li, pou li prezante kèk pwopozisyon pou refòm epi modènize sektè agrikòl la. Daprè agwonòm lan, agrikilti fèt pou li vin yon sistèm pwodiksyon plis endistriyèl epi komèsyal. Pou sa vin yon reyalite, fòk gen bon jan efò ki fèt nan rechèch syantifik ak nan vilgarizasyon agrikòl.

Konsa, otè yo rekòmande, si pou nou diminye ensikirite alimantè apati devlopman agrikòl la, se pou Leta angaje li nan domèn lan.

Konsa, nivo povrete ki genyen nan peyi a pa pèmèt Ayiti al chèche solisyon pwoblèm ensikirite alimantè a nan fè enpòtasyon, ni nan èd alimantè. Okontrè, se pou moun nan peyi a envesti nan agrikilti tankou yon antrepriz, men, avèk èd Leta - agrikilti a ap vin yon aktivite prive, men ki genyen an menm tan yon enpòtans estratejik, epi mitlifonksyonèl.

Amezi popilasyon peyi a ap ogmante fòk moun yo manje. Konsa, modènizasyon sistèm agrikilti peyi a pa kab rete tann. Pou kounye-kounye a, li difisil pou Leta ralanti kantite moun ki ap fèt nan peyi a (kwasans demografik), li enpòtan pou Leta fè tout sa li kapab pou pwodiksyon agrikòl la ansanm ak pwodiksyon alimantè a ogmante. Anfèt, daprè noumenm, se ak devlopman agrikòl la pou batay pou asire devlopman<sup>2</sup> an kòmpanse. ■

## BIBLIYOFRAFI

- 1 PAUL, Bénédictique, DAMEUS, Alix et GARRABE, Michel (2010). « La tertiarisation de l'économie haïtienne », *Études caribéennes*, vol. 16, <http://etudescaribeennes.revues.org/4728>.
- 2 COORDINATION NATIONALE DE LA SÉCURITÉ ALIMENTAIRE (CNSA) (2017). *Panorama de la situation de l'insécurité alimentaire aiguë*.
- 3 MINISTÈRE DE L'AGRICULTURE, DES RESSOURCES NATURELLES ET DU DÉVELOPPEMENT RURAL (2011). *Politique de développement agricole 2010-2025*, Port-au-Prince, MARNDR.

2. Point n'est besoin de lutter contre la pauvreté, il est plus pragmatique de lutter pour le développement.

**Bénédictique Paul, Ph.D.** est ingénieur agroéconomiste. Il est titulaire d'un doctorat en sciences économiques, après des études de Master en management et un diplôme d'ingénieur agronome. Actuellement, il est professeur à l'Université d'État d'Haïti, où il est rattaché au Laboratoire de Science Économique et Juridique de la Faculté de Droit et des Sciences Économiques (LASEJ/FDSE) ainsi qu'au Département d'Économie et Développement Rural de la Faculté d'Agronomie et de Médecine Vétérinaire (DEDR/FAMV). [benedictique.paul@ueh.edu.ht](mailto:benedictique.paul@ueh.edu.ht)

**Joseph N. Pierre, Ph.D.**, animateur de l'« Université Informelle » sur Radio Télé Boston, est un professeur retraité de sciences naturelles des Ecoles Publiques de Boston, à Massachusetts. Il est titulaire d'un diplôme d'ingénieur-agronome de la Faculté d'Agronomie et de Médecine Vétérinaire (FAMV) de l'Université d'État d'Haïti, d'une maîtrise et d'un doctorat en éducation agricole et développement rural de l'Université d'État d'Oklahoma, ainsi que d'une maîtrise en enseignement de chimie et biologie de l'Université du Massachusetts. Ancien chercheur de terrain de l'Université d'Arkansas, ancien professeur de vulgarisation agricole à la FAMV, et ancien agronome de terrain et membre de cabinet du ministre du Ministère de l'Agriculture, des Ressources Naturelles et du Développement Rural d'Haïti, il est l'auteur de plusieurs ouvrages et articles sur l'agriculture et d'autres sujets. [joenpierre@hotmail.com](mailto:joenpierre@hotmail.com)